

Èske Mwen Kalifye?

Ou ka kalifye, si ou:

- soufri youn oswa plizyè pwoblèm sante/medikal minè ki nesese yon obsèvasyon, yon evaliyasyon ak yon swivi pwofesyonèl
- bezwen èd pou swen pèsònèl yo ak/oswa pou pran medikaman yo, men ki pa mande ospitalizasyon oswa admisyon nan yon enstitisyon medikal
- bezwen èd pou pran medikaman ak/oswa siy vital yo epi w pa kapab fè l san yon asistans pwofesyonèl

Nòt enpòtan: Moun ki enskri nan yon Abri pou Moun ki gen Bezwen Espesyal dwe soumèt yon nouvo demann chak de (2) lane pou asire yo enfòmasyon medikal yo ak enfòmasyon pou kontakte yo ajou nan dosye yo.

Nou Ankouraje Enskripsyon ki Fèt Alavans Anpil!

Si w ka rete ak fanmi, zanmi yo oswa nan yon otèl ki andeyò zòn ijans lan, tanpri fè l. Si w pa gen lòt opsyon pou abri, enskri alavans epi prepare w pou ale nan yon abri pou moun ki gen bezwen espesyal ap rann sitiyojan ijans lan pi fasil pou jere. Asire w ou pote founiti medikal ak medikaman w ap pran nan moman an pou w ka reponn ak tout bezwen yo pandan w pa lakay ou a. Moun K ap Ba w Swen yo ap byenvini.

Kòman pou m Aplike pou yon Abri pou Moun ki gen Bezwen Espesyal?

Pou enskri pou abri pou moun ki gen bezwen espesyal lal, vizite ***SNR.FLhealthResponse.com*** oswa eskane kòd QR ki anba a epi chwazi konte w la pou kreye yon kont. Kenbe non itilizatè w ak modpas ou nan yon kote ki sekirize pou w ka mete kont ou an ajou si sa nesese.



Ou kapab fè demand pou yo voye yon aplikasyon ba w pa lapòs lè w rele nan 954-831-3902 (oswa TTY 954-831-3940).

Voye aplikasyon ou fin ranpli yo atravè lapòs nan:

Broward County Special Needs Registry
ATTN: Special Needs Shelter Coordinator
201 NW 84th Ave., Plantation, FL 33324



300 copies of this public document were promulgated at a cost of \$235.00 or \$0.783 per copy to provide the public with information about Broward County programs.

EM202597028

ABRI POU MOUN KI GEN BEZWEN ESPEYAL

Preparasyon pou Katastwòf pou moun ki gen Bezwen Medikal Espesyal





Kisa Abri pou Moun ki gen Bezwen Espesyal ye?

Pandan yon moman ijan. yonabri pou moun ki gen bezwen espesyal ofri asistans medikal debaz ak siveyans. Abri yo genyen pèsònèl medikal kalifye epi gen yon alimantasyon kouran kòm sekou pou limyè ki limite, klimatizasyon ak ekipman medikal ki esansyèl. Yo ankouraje manm fanmi ak moun k ap ba w swen yo akonpanye w. Abri yo dwe sèvi SÈLMAN kòm soutyen pou plan evakyasyon pèsònèl ou.

Kisa M Dwe Atann?

Nan Konte Broward, se nan lekòl yoabri yo ye. Abri pou moun ki gen bezwen espesyal yo pa ofri okenn konfò oswa okenn mwayen pou alèz jan sa ka ye nan yon kay oswa nan yon otèl, ni nivo swen ou jwenn nan yon sant medikal.

Ou ka atann sa yo:

- Asistans medikal debaz ak siveyans. *Ekipman medikal ki konplèks ozwa swen espesyalize yo pa disponib.*
- Manje ak Dlo. *Si w gen bezwen pou manje ki espesyal oswa si w gen manje ak ti kolasyon ki rekonfòte w, vini avèk yo. Manje ou ka konsève lontan sèlman.*
- Soutyen kouran pou limyè, klimatizasyon ak ekipman medikal ki esansyèl.
- Ou dwe pote omwen yon rezèv medikaman k ap sifi pou 7 jou, ansanm ak tout ekipman medikal ki nesesè pou w viv ou genyen epi w ap gen bezwen pandan tan w ap fè nanabri a.
- Yo ka fè transpò pou ale epi pou soti nan Abri pou Moun ki gen Bezwen Espesyal la. (Tanpri asire bezwen sa a ekri nan aplikasyon an)



Èske M Ka Vini ak Bèt Domestik Mwen?

Se Sèlman Bèt Ki Bay Asistans Yo ki otorize nan yon Abri pou Moun ki gen Bezwen Espesyal. Bèt domestik ak bèt pou soutyen emosyonèl yo **pa** otorize.

Selon Lalwa Ameriken pou Moun ki gen yon andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA) yon Bèt ki bay Asistans se yon chyen oswa yon cheval ki tou piti yo drese pou ede yon moun ki gen andikap nan bagay li gen pou l fè chak jou. Tout manje, medikaman, jwèt ak founiti ki nesesè dwe vini Bèt ki bay Asistans lan nanabri a. Swen yo se responsabilite propriyetè yo sèlman, kodonk li rekòmande pou pran yon moun k ap ba y swen anplis.

